www.esamaad.com

समाद

मैथिली भाषा मे पहिल ई-पेपर

हिसाब स बेसी ईमानदारी ठीक नहि : चाणक्य

पटना, 16 नवंबर, 2009 ● अंक-28 ● वर्ष-2

70th ANNUAL SESSION OF THE INDIAN ROADS CONGRESS
INAUGURATION

विकसित बिहार आब सपना नहि : देशपांडे

पटना। चारि दिन स गांधी मैदान मे चलि रहल भारतीय रोड कांग्रेस क 70म अधिवेशन बिहार क विकास लेल राज्य सरकार कए सब तरहक मदद क आश्वासनक संग संपन्न भ गेल। अपन समापन भाषण मे आईआरसी क निवर्तमान अध्यक्ष डीबी देशपांडे कहलथि जे ओ दिन दूर नहि जखन बीमारू राज्यक श्रेणी मे राखल गेल बिहार एकटा विकसित राज्य क रूप मे सामने आएत।

अपन गृह राज्य महाराष्ट्र क चर्चा करैत ओ कहला जे ओहि ठाम मात्र आठ फीसदी सड़क पर खर्च भ रहल अछि, जखन कि बिहार अपन बजटक 30 प्रतिशत खर्च सड़क निर्माण मे करि रहल अछि। ओ कहला जे ग्रामीण सड़क क मानक पहिने स निर्धारित छल आ यदि एहि मे संशोधन कएल जाए त आओर प्रभावी भ सकैत अछि। समापन स पूर्व 190 सदस्यीय परिषद अपन नव अध्यक्ष आ अन्य पदाधिकारी क संग-संग नव परिषद क सदस्य चुनलथि। मिजोरम क मुख्य अभियंता लियान सांगा कए डीबी देशपांडे क स्थान पर नव अध्यक्ष चुनल गेल जखन कि गुजरात क एमवी बलाला, मध्यप्रदेश क आनंद सैलो, बिहार क मुख्य अभियंता आरडी रामध्यान आ निजी क्षेत्र स संजय डबनिया कए उपाध्यक्ष चुनल गेल। आरपी इंदौरिया एक बेर फेर महासचिव चुनल गेला। 80 सदस्यीय नवका परिषद मे दू टा महिला सदस्य सेहो शामिल छथि। अगिला कांग्रेस क सम्मेलन अगिला साल भोपाल मे आयोजित होएत। एहि स पूर्व भारतीय रोड कांग्रेस क दोसर दिन सड़क क निर्माण स जुड़ल एहि तरह क व्यावहारिक पहलु पर कई तरह क प्रेजेंटेशन भेल आ तकनीकी शोध पत्र पढ़ल गेल। देश भरि क राज्य क पथ निर्माण विभाग क सचिव आ अभियंता प्रमुख क बैठक एमओआरटीएच क महानिदेशक निर्मलजीत सिंह क मौजूदगी मे भेल।

तकनीकी प्रेजेंटेशन मे बेंटले सिस्टम इंडिया क जुगल मकवाना एमएक्सरोड साफ्टवेयर पर अपन बात रखलथि। सड़क निर्माण मे कम समय लागे एकरा ध्यान मे राखि बेंटले एहि साफ्टवेयर कए तैयार केलक अछि आ आब एकरा स्थानीय स्तर पर कस्टमाइज्ड कएल जा रहल अछि। एकर माध्यम स इ जानकारी भेट सकत जे फलां इलाका माटी केहन अछि, ओहि ठाम जमीन कतए भेटत वा फेर नालीक केहन समस्या अछि। एकटे एतबा जानकारी भेटला स निर्माण कार्य मे कम समय लागत।

आईआईटी, चेन्नई क प्रो. वी राघवन पालिमर मोडिफाइड बिटुमिनस कंक्रीट मिक्सचर पर अपन व्याख्यान देलथि। प्रो. राघवन कहला जे रोड बनबाएल काल ओकर लचीलापन पर विशेष रूप स ध्यान देबाक आवश्यकता अछि। एहि स रोड क टूटए क प्रतिशत कम होएत। एकरा लेल इ जरूरी अछि जे पॉलीमर बिटुमिनस कए उपयोग कएल जाए। रमेश मिथनथाया बायो एंजाइन स्टेबलाइज लेटरिक स्वायल एज ए हाइवे मेटेरियल विषय पर अपन शोध पत्र पढ़ला। श्री रमेश कहला जे रोड बनाब स पहिने माटी मे टेराजाइम मिला देब स रोड मजबूत बनत आ पत्थर सेहो कम लागत।

बचाउ उत्तर बिहारक जीवन रेखा : नीतीश

उज्ज्वल कुमार

पटना । गांधी मैदान शनि दिन इंजीनियर स भरल छल। आइआरसी क प्रसिडेंट डी बी देशपांडेय क समक्ष सीएम नीतीश कुमार कहला जे बिहार सरकार अपन कुल बजट क 30फीसदी हिस्सा रोड पर खर्च करि रहल अछि।' गांधी मैदान मे निर्मित विशेष हॉल 'अशोक' मे रोड कांग्रेस क उद्घटन करैत नीतीश याचक क मुद्रा मे आबि गेलाह। नेविगेशन आ एच क डीजी निर्मल जीत सिंह स अपील करैत कहला-अहां स हाथ जोड़ि कए प्रार्थना करैत छी जे हमर राज्य मे राष्ट्रपिता क नाम पर एकटा सेतु अछि ।

उत्तर बिहार क दू दर्जन जिला क लेल ई जीवन रेखा छी। अहां स आग्रह अछि जे अहां अपन एक्सपर्ट टीम क संग जाकए एकर हालात देखू । एकर कोनो समाधान या इलाज भ सकैत अछि त कहू। यदि केंद्र सरकार टका नहि देत त हम खुद एकर इंतजाम करब। आइआरसी क तात्कालिक लाभ इतबा त देल जाए बिहार कए। सीएम प्रत्यय अमृत कए सेतु भ्रमणक इंतजाम करबा लेल कहलथि। मुख्यमंत्री ओल्ड बाईपास रोड क बेर-बेर क्षतिग्रस्त हेबाक कारण सेहो तकबा लेल विशेषज्ञ लोकनि स आग्रह केलथि।

मरीज कए रोजाना आब भेटत 50 टका

पटना। बिहार मे सरकारी अस्पताल मे भर्ती मरीज कए भोजन क लेल आब प्रतिदिन 25 टका क बदला मे 50 टका देल जाएत। राज्य सरकार पुलिस आधुनिकीकरण क लेल 17 करोड़ टका खर्च करबाक सेहो फैसला लेलक अछि। राज्य क कार्मिक सचिव दीपक कुमार कहला जे राज्य मंत्रिमंडल क बैठक मे इ फैसला लेल गेल जे सरकारी अस्पताल मे भर्ती मरीज कए भोजन क लेल आब प्रतिदिन 50 टका देल जाएत। कुमार कहला जे एहि स अस्पताल मे आर्थिक रूप स कमजोर मरीज कए काफी सुविधा होएत। ओ कहला जे मंत्रिमंडल क बैठक मे पुलिस क आधुनिकीकरण क लेल सेहो 17 करोड़ टका खर्च करबाक फैसला लेल गेल। एहि क तहत पुलिस कए आधुनिकतम हथियार आ सुरक्षित आ मजबूत वाहन उपलब्ध कराओल जाएत। एकरा अलावा राज्य क 17 जिला मे 7,721 बंद हैंडपंप क स्थान पर नव हैंडपंप लगबाक लेल 31 करोड़ टका देल गेल अछि।

होलीडे इन खोलत बिहार मे पांच सितारा होटल

पटना। होलीडे इन ग्रुप पटना मे पहिल पांच सितारा होटल बनाओत। एकरा लेल सबटा कागजी तैयारी भ चुकल अछि आ इ होटल 2012 मे बनि कए तैयार भ जाएत। ज्ञात हुए जे पटना मे एखन धरि मौर्या या चाणक्या कए पांच सितारा होटलक दर्जा नहि भेट सकल अछि। बिहार सरकार पटना मे पांच सितारा होटल लेल निविदा आमंत्रित केने छल। आधारभूत संरचना विकास प्राधिकरण एहि योजना कए मंजूरी प्रदान करि देलक अछि। प्राधिकरणक पदाधिकारीक अनुसार एहि ठाम होटल बनेबा लेल हयात ग्रुप आ ताज ग्रुप सेहो निविदा भरने छलथि, मुदा किछु तकनीकी कारण स हुनका मंजूरी नहि भेट सकल। ओना होलीडे ग्रुप सबस बेसी निविदा मे राशि भरने छल। पदाधिकारीक अनुसार होलीडे ग्रुप सब महीना बिहार राज्य पर्यटन विकास निगम कए 2.25 करोड़ टका देत। एकर बदला मे निगम ओकरा 300 एकड़ जमीन देत। एहि योजना कए आब बिहार मंत्रिमंडल स मंजूरी भेटबाक इंतजार अछि। मंत्रिमंडल स मंजूरी भेटलाक बाद निगम आ होलीडे ग्रुपक बीच सहमति पत्र पर हस्ताक्षर होएत। होलीडे ग्रुप पटना मे होटलक निर्माण क जिम्मेदारी स्थानीय होटल समूह आम्रपाली कए देलक अछि, जे तीन साल मे इ होटल बना कए तैयार करत।

आम्रपाली ग्रुप कए भेटल ठेका 2012 तक बन कए होएत तैयार

2012 तक बनत निर्मल बिहार



पटना। मुख्यमंत्री नीतीश कुमार गुरुदिन क गांधी मैदान पर गांधी जी क प्रतिमा क समीप 2012 तक सूबा कए निर्मल बिहार बनबाक संकल्प देलाह। विश्व स्वच्छता दिवस पर मुख्यमंत्री सरकारी स्कूल क तीसरी कक्षा क छात्र कए साल मे पोशाक मद मे पांच सौ टका सहायता देबाक घोषणा केलथि। लोक स्वास्थ्य अभियंत्रण विभाग क तरफ स आयोजित कार्यक्रम में विधान परिषद क सभापति ताराकांत झा, उपमुख्यमंत्री सुशील कुमार मोदी, विभागीय मंत्री अश्विनी कुमार चौबे सेहो अपन गप रखला। मुख्यमंत्री कहला जे 90 प्रतिशत बीमारी क जड़ मे अस्वच्छता अछि। विकसित राज्य क लेल जरूरी अछि जे हम पहिने निर्मल बिहार क परिकल्पना साकार करू। बिहार एक मात्र देश क ऐहन प्रदेश अछि, जतय गरीबी रेखा स ऊपर गुजर बसर करै वाला परिवार क सेहो शौचालय निर्माण क लेल सहायता देल जा रहल अछि। मुख्यमंत्री कक्षा तीन क छात्र कए पोशाक, स्वेटर आ जूता-चप्पल खरीदने क लेल प्रति छात्र-प्रति वर्ष 500 टका क सरकारी मदद देबाक घोषणा केलथि। एहि अवसर पर उपमुख्यमंत्री सुशील कुमार मोदी सफाई मे सब कए क सहयोग मांगलथि। ओ भोजन स पूर्व हाथ क स्वच्छता पर बल देलथि। ओ बच्चा कए इ नसीहत देला जे अपन पास ओ गंदगी नहि फैल दिए। विभागीय मंत्री अश्विनी कुमार चौबे कहला जे पूरा बिहार मे विश्व स्वच्छता दिवस क मौका पर लोग कए जागरूक क जा रहल अछि।

रविदास आब महादलितक सूची मे

पटना। मुख्यमंत्री नीतीश कुमार क नेतृत्व वाला बिहारक राजग सरकार राज्य मे अनुसूचित जातिक सबस पैघ समूह रविदास (प्रतिबंधित शब्द चमार) कए मंगलदिन महादलित क सूची मे शामिल करबाक फैसला लेलक अछि। सरकारी प्रवक्ताक अनुसार एहि स विभिन्न योजनाक लाभ प्राथमिकताक आधार पर रविदास लोकनि कए सेहो भेटि सकत। नीतीश कुमार क एहि राजनीतिक काट तकबा लेल बहुत दिन स राजद आ लोजपा परेशान अछि। महादलित कए आरक्षण मे प्राथमिकता प्रदान करि नीतीश बिहार मे दलित आंदोलनक दशा आ दिशा दूनू बदलि देलथि अछि। एहन मे कहल जा सकैत अछि जे रविदास कए महादलित क दर्जा द नीतीश एकटा आओर समूह कए अपना दिस आनबाक प्रयास केलथि अछि।

कीर्ति आजाद क माता क निधन

नई दिल्ली। पूर्व क्रिकेटर कीर्ति आजाद क माता आ बिहार क पूर्व मुख्यमंत्री भागवत झा आजाद क पत्नी इंदिरा झा क बुधदिन भोरे दिल्ली मे निधन भ गेल। ओ 75 वर्ष क छलीह। दिल्ली क लोधी श्मशान गृह मे हुनकर अंतिम संस्कार कएल गेल हुनकर पैघ बेटा डॉ. राजवर्धन आजाद मुखाग्नि देलथि। अंतिम संस्कार मे दरभंगा क सांसद कीर्ति आजाद, इंदिरा झा क दोसर बेटा आ मध्यप्रदेश क वरिष्ठ पुलिस अधिकारी यशोवर्धन आजाद क अलावा लोकसभा मे नेता प्रतिपक्ष लालकृष्ण आडवाणी क संग अन्य अधिकारी श्रीमती आजाद कए श्रद्धांजलि देलथि।

राजनाथ जेताह अगिला सप्ताह आडवाणी पर बढ़ल दबाव

सरिता सुमन

नई दिल्ली। भाजपा क राष्ट्रीय अध्यक्ष राजनाथ सिंह कार्यकाल पूरा हेबा स पूर्वहि अपन पद स त्यागपत्र देबाक इच्छा प्रकट केलथि अछि। हुनकर कार्यकाल 31 दिसंबर क खत्म भ रहल अछि। मुदा सिंह चाहैत छथि जे अगिला सप्ताह ओ अपन पद त्याग दथि। सिंह क एहि कदम कए राजनीतिक दलान पर आडवाणी पर दबाव बनेबाक रूप मे देखल जा रहल अछि। ओना राजनाथ क कहब अछि जे एहि संबंध मे कोनो फैसला लेब स पूर्व पार्टी क पैघ नेता सब स विचार-विमर्श करताह।

बीसीसीआई टूर्नामेंट मे भाग लेत बिहार

पटना। बिहार क क्रिकेट खिलाड़ी आब अगिला महीना स बीसीसीआई स मान्यता प्राप्त टूर्नामेंट मे भाग ल सकैत अछि। बिहार क क्रिकेट संघ (बीसीए) कए पिछला साल बीसीसीआई स एसोसिएट सदस्य क दर्जा देल गेल छल। बीसीए दू टा अलग-अलग आयु वर्ग क टीम चुन चुकलक अछि। बीसीए अंडर 16 खिलाड़ी क एक टा टीम चुनलक अछि, जे एक दिसंबर स असम क सिल्चर मे मणिपुर स सामना करत, जखन कि दोसर अंडर 19 टीम 12 दिसंबर कए बीसीसीआई द्वारा प्रायोजित एसोसिएट मेंबर्स क्रिकेट टूर्नामेंट मे रायपुर क छत्तीसगढ़ क सामने होएत।

ईएसआई आ रेलवे बिहार मे बना रहल अछि मेडिकल कॉलेज

नई दिल्ली। ईएसआई आ रेलवे बिहार मे मेडिकल कॉलेज बना रहल अछि। देश मे डॉक्टर क कमी स निबट क लेल ईएसआई आ रेलवे मेडिकल कॉलेज इ फैसला लेलक। ईएसआई अगिला सत्र स 20 टा मेडिकल कॉलेज शुरू करत जखन कि रेलवे 18 टा कॉलेज खोलबाक घोषणा केलक। एहि मे 5 टा कॉलेज अगिला सत्र स शुरू भ जाएत। ईएसआई क मेडिकल कॉलेज मे लगभग 25 फीसदी सीट हुनकर लाभार्थी क बच्चा कए लेल रिजर्व रखल जाएत जखन कि रेलवे क करीब 10 फीसदी सीट रेलवेकर्मी क बच्चा क लेल रखल जाएत। कानपुर, फरीदाबाद, दिल्ली, पटना, मंडी, अलवर, बेंगलुरु, हैदराबाद, अहमदाबाद, कोल्लम, मुंबई, चेन्नई, कोयंबटूर, कोलकाता, जलपाईगुड़ी मे ईएसआई क मेडिकल कॉलेज खोलल जाएत।

स्वयंसेवी संस्थाक अनुबंध रद्द

पटना। राज्य सरकार 12 टा स्वयंसेवी संस्था क अनुबंध रद्द क देलक। एहि संगठन कए खिलाफ पैघ पैमाना पर शिकायत आबै पर हुनकर अनुबंध रद्द क देल गेल। एहि गप क जानकारी स्वास्थ्य विभाग क एकटा अधिकारी देलाह। अधिकारी कहला जे ऐहि स्वयंसेवी संस्थाक माध्यम स बिहार मे 42 टा अतिरिक्त निजी स्वास्थ्य केंद्र चलाओल जा रहल छल। ओहि स्वयंसेवी संस्थाक काज संतोषजनक नहि छल, ओहि स हुनकर अनुबंध रद्द करबाक फैसला लेल गेल।

सुधा बूथ पर भेटत सस्ता भोजन

पटना। मुख्यमंत्री नीतीश कुमार रविदिन सस्ता भोजन योजना क उद्घाटन केलथि। एहि योजना मे जनता 5 आ 10 टका खर्च क भरि पेट भोजन पाबि सकत। एहि भोजन क तहत जनता कए मक्का क आटा स बनल रोटी देल जाइत। योजना क उद्घाटन कएला क बाद मुख्यमंत्री नीतीश कुमार कहलथि जे एहि योजना मे विशेष रूप स कमजोर वर्ग क लोग कए 5 आ 10 टका मे भोजन उपलब्ध कराएल जाएत। इ भोजन राज्य भरि मे सब टा सुधा मिल्क पार्लर मे भेटत।

गरीबी तय करबा लेल बनए पहचान आयोग

पटना। मुख्यमंत्री नीतीश कुमार केंद्र सरकार कए गरीब परिवार क संख्या निर्धारित करबाक सर्त पर ओकर पहचान क जिम्मेदारी सेहो स्वीकारबाक सलाह देलथि अछि। ओ केंद्र कए आड़े हाथ लैत कहला जे ओकरा गरीबी मापबा लेल स्वतंत्र 'पहचान आयोग' गठित करबाक चाही। विधानसभा परिसर मे गरीबी उन्मूलन विषय पर आयोजित सेमिनार कए संबोधित करैत ओ कहला जे गरीबी मापबा क तरीक कए पारदर्शी बनेबाक आवश्यकता अछि। बिहार मे गरीबी रेखा स नीचा क परिवार क संख्या करीब डेढ़ करोड़ अछि।

भारत सरकार मात्र 72 लाख परिवार क लेल सुविधा दैत अछि। फूड एंड सिक्युरिटी लॉ सेहो भारत सरकार क आंकड़ा कए मानैत अछि। अगर येह स्थिति रहल, त किया कोनो राज्य सरकार चलत। सेमिनार मे योजना आयोग क उपाध्यक्ष मोंटेक सिंह अहलुवालिया मुख्य वक्ता क रूप मे उपस्थित छलाह।

मुख्यमंत्री नीतीश कुमार अहलुवालिया आ विश्व क दाता एजेंसी स कहला जे गरीबी मापबाक तरीका बदलबाक चाही। ग्रामीण विकास विभाग द्वारा 2002 मे सर्वे हुए लागल, त हंगामा ठार भ गेल। राज्य मे बीपीएल सूची मे सुधार क लेल हर पंचायत मे मुखिया सहित 10 लोकक कमेटी गठित कैल गेल। 60 लाख लोकक शिकायत भेटल। केंद्र सरकार 'खाद्य सुरक्षा ड्राफ्ट' तैयार करि रहल अछि।

हक अछि विशेष राज्य क दर्जा

नीतीश कुमार बिहार कए विशेष राज्य क दर्जा देबाक जरूरत गिनौलथि। ओ कहला जे बिहार निर्धन अछि। एहि ठाम निवेश स लकए अन्य पैरामीटर सेहो औसत दर्जा क नहि अछि। देश मे विकास कए लकए पैघ गैप अछि। राज्य क भौगोलिक स्थिति दोसर प्रांत स अलग अछि। सड़क आ बिजली पर जे टका खर्च कैल जा रहल अछि, बाढ़ि ओकरा हर साल धो दैत अछि।

गरीबी उन्मूलन के मामले में उन्होंने राज्य सरकार की तारीफ की। उन्हें कहा कि बिहार में गरीबी उन्मूलन के लिए कई योजनाएं सफलतापूर्वक चल रही हैं। मुख्यमंत्री नीतीश कुमार द्वारा गरीबी तय करने के तरीके को लेकर सवाल उठाए जाने पर अहलुवालिया ने कहा कि इसपर केंद्र सरकार विचार कर रही है। उन्होंने कहा कि इसके लिए प्रो. तेन्दुलकर की अध्यक्षता में एक समिति बनाई गई है जिसकी रिपोर्ट नवंबर में ही आने वाली है।

मधुबनी मे खुलल हार्ट हास्पीटल

मिथिलांचल क विकास क बिना बिहार क तरक्की संभव नहि : नीतीश

मधुबनी । मुख्यमंत्री नीतीश कुमार कहला जे जाहि दिन हम बिहारी सेहत आ शिक्षा क क्षेत्र मे मजबूत भ जाइब तहिया हमर मुकाबला करबाक ककरो हिम्मत नहि होएत। ओ मधुबनी क राजनगर प्रखंड क मंगरौनी गांव क नवरतन स्थित जाह्नवी चंद्रकांत ठाकुर स्मारक न्यास इकाई द्वारा स्थापित हर्ट हास्पीटल क फीता काटिकए उद्घाटन क बाद आयोजित कार्यक्रम कए संबोधित करि रहल छलाह। ओ कहल जे हमरा स जे विकसित, आत्मनिर्भर बिहार बनेबाक सपना देखलथि अछि हुनके समवेत प्रयास क दिशा मे इ सुदूर ग्रामीण क्षेत्र मे स्थापित 50 शय्या क आधुनिक सुविधा स लैस हार्ट हास्पीटल अछि। राज्य क प्रसिद्ध हृदय रोग विशेषज्ञ डॉ एके ठाकुर एहि हार्ट हास्पीटल ग्रुप क चेयरमैन छथि। कुमार कहला जे एके ठाकुर चिकित्सा जगत मे त राष्ट्रीय स्तर पर अपन पहचान बनेने छथि, एहि ग्राम्यांचल मे इ हास्पीटल बनाकए ऐतिहासिक काज केलथि अछि। सीएम मिथिलांचल क अन्य सपूत कए सेहो एहि तरह क जनहित क कार्य करबाक अपील केलाह। मुख्यमंत्री कहला जे डॉ ठाकुर अपन मातृभूमि क कर्ज उतारबाक पुनीत कार्य केलथि अछि। ओ साढ़े चारि करोड़ क लागत स बनल हार्ट हास्पीटल क लेल डॉ एके ठाकुर कए बधाई दैत हुनका हर संभव सहयोग क आश्वासन देलाह। सीएम कहला जे जखन धरि मिथिलांचल क विकास नहि होएत बिहार क विकास संभव नहि। ओ कहला जे बाहर रहैत छथि आ जे मिथिलांचल क पैघ हस्ती छथि हम दूनू गोटे स आग्रह करैत छी जे ओ एहि ठाम उद्योग लगाबथि। राज्य सरकार हर सुविधा देबा लेल तैयार अछि। हाल क दिन मे विभिन्न प्रदेश मे बिहारी क विरुद्ध जारी बयानबाजी क चर्चा करैत कहला जे अगर बिहारी नहि होइते त पंजाब मे हरितक्रांति नहि भ सकिते। बिहार क बिना देश क कोनो उद्योग नहि चलि सकैत अछि। किछु शरारती तत्व बिहारी कए अपमानित करबाक साजिश कहियो महाराष्ट्र, कहियो असम त कहियो मध्य प्रदेश मे करैत रहैत छथि। एकर जेतबा निंदा कैल जाए से कम अछि। मुख्यमंत्री कहला जे हम भीख नहि मंगैत छी, बल्कि काज क बदला मे वाजिब हक लैत छी। हम बिहार क अपमान नहि सहि सकैत छी। हर स्थिति स निबटबा लेल सब मिलकए डटिकए मुकाबला करब।

बिहार मे सबस पैघ चुनौती बेरोजगारी क अछि। हम अपन उद्योग नीति कए सेहो काफी सरल बना देलहुं अछि। कार्यक्रम कए संबोधित करै पूर्व मुख्यमंत्री डॉ जगन्नाथ मिश्र कहला जे मिथिलांचल क ऐतिहासिक गांव मंगरौनी क इ अस्पताल वरदान साबित होएत। पंडित ताराकांत झा कहला जे उत्तर बिहार मे इ अस्पताल नव कीर्तिमान स्थापित करत। स्वास्थ्य मंत्री नंद किशोर यादव कहला जे बिहार सरकार मुख्यमंत्री के नेतृत्व मे स्वास्थ्य क क्षेत्र मे निरंतर कार्य करि रहल अछि।

मंत्री रामाश्रय प्रसाद सिंह कहला जे इ अस्पताल एहि क्षेत्र क लेल मील क पत्थर साबित होएत। कार्यक्रम कए दिल्ली क सांसद महाबल मिश्र, विधायक विनोद नारायण झा, रामदेव महतो, रामप्रीत पासवान आदि सेहो संबोधित केलथि। मंच पर हरि प्रसाद साह, सांसद हुक्मदेव नारायण यादव, विधान पार्षद विनोद चौधरी, प्रो. विनोद सिंह, भाजपा जिलाध्यक्ष घनश्याम ठाकुर, जदयू जिलाध्यक्ष सत्येन्द्र कामत, डा. फैयाज अहमद सेहो छलाह। उद्घाटन कार्यक्रम क बाद सीएम अस्पताल परिसर क सब भवन क निरीक्षण सेहो केलथि। एहि अवसर पर संस्कृत क प्रख्यात विद्वान पंडित आद्याचरण झा मुख्यमंत्री सहित अन्य अतिथि कए पाग-दोपटा पहनाकए स्वागत केलथि।



मधुबनी क राजनगर प्रखंड क मंगरौनी गांव क नवरतन स्थित जाह्नवी चंद्रकांत ठाकुर स्मारक न्यास इकाई द्वारा स्थापित हर्ट हास्पीटल क फीता काटिकए उद्घाटन भेल

> डॉ ठाकुर अपन मातृभूमि क कर्ज उतारबाक पुनीत कार्य केलथि अछि। जखन धरि मिथिलांचल क विकास नहि होयत बिहार क विकास संभव नहि। जे बाहर रहैत छथि आ जे मिथिलांचल क पैघ हस्ती छथि हम दूनू गोटे स आग्रह करैत छी जे ओ एहि ठाम उद्योग लगाबथि। राज्य सरकार हर सुविधा देबा लेल तैयार अछि।
>
> - नीतीश कुमार

हुकुमदेवक उपेक्षा जगन्नाथ सम्मान

कुमुद सिंह

शनिदिन मधुबनी मे बिहारक प्रख्यात चिकित्सक अशोक ठाकुरक हार्ट हास्पीटलक उद्घाटन भेल। गरीब आ पिछड़ल एहि जिला लेल इ एकटा सपनाक पूरा हेबाक समान छल। मुख्यमंत्री नीतीश कुमार अपन हाथ स एहि अस्पताल कए लोकार्पित केलथि। एहि अवसर पर मधुबनीक सांसद हुकुमदेव नारायण यादव सेहो उपस्थित छलाह। मुदा सभा कए संबोधित करबाक मौका भेटल जगन्नाथ मिश्र कए। ज्ञात हुए जे हुकुमदेव क पुत्र अशोक यादव सेहो विधायक छथि आ दूनू गोटे मिल कए जिलाक दू टा चीनी मिल खोलबा लेल जी जान लगौने छथि। ओ चीनी मिल जे पूर्व मुख्यमंत्री आ महान अर्थशास्त्री जगन्नाथ मिश्रक सुयोग्य नेतृत्व मे कंगाल बनि बंद भ गेल। आइ जगन्नाथ मिश्र सक्रिय राजनीति स अलग भ गेल या करि देल गेल छथि। लेकिन ठाकुरजीक ब्राह्मणवाद कहि या पिछला कोनो संबंध जे हुकुमदेव क स्थान पर जगन्नाथ मिश्र कए सभा मे बजबाक मौका देल गेल। इ समस्त कार्यक्रम कए एक प्रकार स विवादास्पद बना देलक। आइ पूरा मधुबनी जिला जगन्नाथ मिश्रक पिछला साल देल ओ बयान नहि बिसरलक अछि जाहि मे ओ कहने रहथि जे कोसीक बाढ़ स जे एतबा दुखी छथि जे राजनीति स संन्यास'बलुआ' मे रहि लोकक सेवा करब चाहैत छथि। इ बयान झंझारपुरक जनता लेल गारि स कम नहि छल। पिछला 40 साल स बाढ़ झेल रहल झंझारपुरक लेल हुनकर कहियो एहन भावपूर्ण बयान नहि आयल जखनकि एहि ठामक जनताक वोट स ओ बिहारक मुख्यमंत्री बनलाह। आइ धरि झंझारपुर सड़क मार्ग स स्वतंत्र रूप स नहि जुड़ि सकल अछि। रेलवेक भीख पर लोक बस अथवा गाड़ी स झंझारपुर जाइत अछि। इ त राजदक पूर्व सांसद देवेंद्र प्रसाद क प्रयास कहू जे नार्थ-इस्ट कॉरिडोर बरौनी क बदला मे झंझारपुर द कए गेल आ एहि बाढ़ रहित इलाका कए राष्ट्रीय राजमार्ग भेटल। मिथिला मे उद्योग हुए या शिक्षाक स्तर देखल जाए त कोन एहन क्षेत्र अछि जेकर बंटाधार जगन्नाथ मिश्रक कार्यकाल मे नहि भेल। इ अलग गप अछि जे लालू प्रसाद हुनक एहि प्रयास कए आओर आगू बढ़ अपन चेला धर्मक निर्वाह केलथि। आइ विकासक कोनो मंच पर जगन्नाथ मिश्र कए देखि आयोजनकर्ता स इ पुछबाक इच्छा भ जाइत अछि जे आखिर हुनकर स्मरण शक्ति मात्र 20 सालक किया अछि। ओ किया इ बिसरी जाइत छथि जे मिथिलाक रीढ़ कहल जाइवाला चीनी मिल कोना बंद भेल, ओ कोना बिसरी जाइत छथि जे विश्वविद्यालय मे अराजकता कए अनलक। महात्मा गांधी सेतु आई अपन अंतिम सांस लऽ रहल अछि। एहि पुलक एहि स्थिति लेल के जिम्मेदार अछि। आइ नीतीश अभियंता स एहि पुल कए बचेबा लेल गुहार लगा रहल छथि, मुदा जगन्नाथ मिश्र स किओ किया नहि पुछबाक हिम्मत जुटा रहल अछि जे एहन कोन चमचागिरी करब जरूरी छल जे पुल तैयार हेबा स पूर्व तत्कालीन प्रधानमंत्री इंदिरा गांधीक हाथ स एकर उद्घाटन करा देल गेल। बिहारक विकास लेल जरूरी अछि जे जगन्नाथ मिश्र क सबटा उपलब्धि कए स्मरण मे राखल जाए किया कि ओ हमरा इ कहैत रहल जे एकटा नेता कोनो बिहारी गौरव कए गारि बना देलक। तहि लेल जगन्नाथ मिश्र कए मंच पर रहबा स ककरो आपत्ति नहि मुदा जे इलाकाक विकास लेल प्रयास करि रहल अछि ओकर उपेक्षा नहि हेबाक चाही, चाहे ओ कोनो दल, कोनो जाति या कोनो क्षेत्र स हुए । आशा अछि ठाकुर जी अपन एहि गलतीक सुधार करबा लेल प्रयास करताह। ओना अस्पताल खोलबा लेल हुनका कोटि-कोटि धन्यवाद।

कोर्ट पूछलक किया नहि भ रहल अछि छात्र संघक चुनाव



पटना। विश्वविद्यालय मे छात्र संघ क चुनाव लंबा समय स लंबित अछि। आब इ सवाल पटना हाईकोर्ट क अधीन अछि। बुधदिन सुनवाई क क्रम मे कोर्ट विश्वविद्यालय क डेढ़ माह मे इ जवाब दाखिल करबाक निर्देश देलक जे आखिर छात्र संघ क चुनाव कराब मे कोन अड़चन अछि। कार्यकारी मुख्य न्यायाधीश शिवकीर्ति सिंह आ न्यायाधीश श्याम किशोर शर्मा क खंडपीठ कौंसिल फार प्रोटेक्शन ऑफ पब्लिक राइट्स एंड वेलफेयर क महासचिव एमपी गुप्ता क जनहित याचिका पर सुनवाई केलथि। श्री गुप्ता कहला जे 20 वर्ष स कोनो विश्वविद्यालय मे चुनाव नहि भेल अछि। दुर्भाग्य अछि जे पहिने लालू प्रसाद आ आब नीतीश सरकार मे सेहो चुनाव होबाक संभावना नहि अछि। आब कोर्ट कए हस्तक्षेप करबाक चाहि। सुनवाई मे राज्य सरकार क वकील संग-संग विश्वविद्यालयों क वकील सेहो उपस्थित छलाह। याचिका द्वारा कोर्ट कए जानकारी देल गेल जे छात्र संघ क चुनाव क पक्ष मे सुप्रीम कोर्ट सेहो अछि, पर कोनो न कोनो तरहे चुनाव नहि हुए देल जाइत अछि। अधिवक्ता श्री गुप्ता कहला जे छात्र संघ क चुनाव होबाक अनिवार्य अछि। इ छात्र क लोकतांत्रिक अधिकार अछि। एहि पर खंडपीठ कहला जे जवाब आब पर आगू क कार्रवाई कएल जाइत।

भारोत्तोलन मे विकास कए भेटल स्वर्ण

दरभंगा। कला संस्कृति आ युवा विभाग आ राज्य खेल प्राधिकरण क तरफ स राज्यस्तरीय पाईका एथेलेटिक्स आ भारोत्तोलन प्रतियोगिता मे दरभंगा क दूटा खिलाड़ी बाजी मारलक। दूनू क चयन राष्ट्रीय प्रतियोगिता क लेल भेल। जिला खेल पदाधिकारी कृष्ण मोहन पांडेय इ जानकारी देलाह। मालूम हुए जे छपरा मे 13 स 16 नवंबर तक भेल प्रतियोगिता मे बहादुरपुर प्रखंड क विकास कुमार भारोत्तोलन मे स्वर्ण पदक जीत कए दरभंगा क नाम रोशन केलथि अछि। विकास कए राष्ट्रीय प्रतियोगिता क लेल राज्य क टीम मे शामिल कएल गेल अछि जखन कि बहादुरपुर प्रखंड क नीतू कुमारी एथेलेटिक्स प्रतियोगिता मे रजत पदक जीत कए राष्ट्रीय प्रतियोगिता क लेल चयनित भेल अछि।

अंक- 28, साल- 2, समाद प्रकाशन क लेल esamaad.com स इंटरनेट संस्करण प्रकाशित। प्रबंधक : छवि झा, संपादक : कुमुद सिंह, समाचार संपादक : प्रीतिलता मल्लिक, फोटो संपादक सारिका झा। (खबरक चयन लेल जिम्मेदार)। फोन : 09250281098, ई-मेल : esamaad@gmail.com